

Depistaj Maladi Kè Konjenital Grav

 Asire ke kè tibebe ou an te devlope jan li ta dwe devlope a. Li detekte Maladi Kè Konjenital ki Grav yo (CCHD) pandan lap mezire kantite oksijèn ki nan san an avèk itilizasyon yon aparèy oksimèt pou.



- Depistaj pou **7** diferan maladi kè ki grav.
 - Dwe fèt ant **24 - 48** èdtan aprè nesans lan.
 - Yo atache pens nan men dwat ak yon pye tibebe a.
 - Depistaj la sèlman pran kèk segonn epi li pa gen doulè. 



Dirije kamera
telefòn ou an nan
kòd QR a pou
jwenn aksè nan sit
entènèt la:



Pwogram Genomics and Newborn
Screening
Depatman Sante Indiana
www.NBS.in.gov
telefòn 888.815.0006

Pwogram Deteksyon ak Entèvansyon
Bonè nan Zòrèy (EHDI)
Depatman Sante Indiana
www.Hearing.in.gov
telefòn 317.232.0972

Kesyon ak Repons sou Depistaj CCHD

K. E si tibebe m nan echwe nan depistaj CCHD a?

R. Rezulta a kapab vle di ke nivo oksijèn tibebe ou an ba. Doktè tibebe ou an pral fè yon egzamen fizik apwofondi. Doktè a pral mande yon ekokadyogram tou (tankou yon ekografi) pou chèche pwoblèm ki gen nan kè a.

K. Kisa k ap rive apresa?

A. Doktè tibebe ou an pral pataje rezulta yo avèk ou epi pral pale sou pwochen etap yo.

K. Konbyen tibebe ki genyen CCHD?

A. Apeprè 1 tibebe sou 500 dyagnostike avèk maladi a.

K. Èske tibebe m nan ka devlope siy CCHD aprè li fin kite lopital la, menm si li reyisi depistaj la?

R. Wi. Depistaj CCHD a ka sèlman detekte 7 diferan tip CCHD sou 12 tip. Siy pou siveye yo se: Pèt bon jan koulè po a, po bouch yo vin ble, respirasyon rapid oswa respirasyon difisil, vizaj, men ak pye anfle oswa ki gonfle, ak pran pwa yon fason ki lan. Si ou remake nenpòt nan sentòm sa yo, li lè pou rele doktè ou an.



Dirije kamera téléfòn ou an nan kòd QR a pou jwenn aksè nan sit entènèt la:

